



Pou Piblikasyon Imedya: 19/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 150 MILYON DOLA ADISYONÈL NAN ÈD FINANSYÈ
POU MINISIPALITE YO KI ANDEYÒ VIL NOUYÒK**

***Gouvènè a ogmante asistans minisipal tanporè a pa 100 milyon dola pou tout vil,
komin ak vilaj atravè eta a***

Vil Buffalo pral resevwa 40 milyon dola anplis nan èd dirèk

Rochester, Syracuse ak Yonkers pral resevwa yo chak 10 milyon dola anplis

20 milyon dola nan finansman dedye pou lòt minisipalite yo ki an difikilte fiskal

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Eta Nouyòk pral bay 150 milyon dola anplis nan asistans finansyè pou minisipalite ki andeyò Vil Nouyòk pou ede soulaje estrès fiskal imedya a. Finansman adisyonèl sa a gen ladan l yon ogmantasyon 100 milyon dola nan Asistans Minisipal Tanporè (Temporary Municipal Assistance) ki pral triple kantite finansman tout vil, komin ak vilaj yo andeyò Vil Nouyòk resevwa nan sous èd sa a. Yo distribye finansman pwopòsyonèlman ak finansman Èd ak Ankourajman pou Minisipalite yo (Aid and Incentives for Municipalities, AIM) ki deja egziste a - avèk vil Buffalo, Rochester, Syracuse ak Yonkers ke yo chak resevwa montan maksimòm 10 milyon dola anplis. Gouvènè a te mete sou kote tou 30 milyon dola anplis pou Vil Buffalo, sa ki fè total nouvo investisman pou Vil Buffalo a rive nan 40 milyon dola. Anplis de sa, Gouvènè a ap mete tou 20 milyon dola pou gouvènman lokal ki an difikilte fiskal yo. Nouvo investisman sa yo baze sou pwopozisyon Bidjè Egzekitif anvan yo kote Gouvènè a te enkli 50 milyon dola anplis nan Asistans Minisipal Tanporè pou ede gouvènman lokal yo minimize chay sou do kontribyab yo.

"Lè m fin pase plizyè ane nan gouvènman lokal la, mwen konprann defi inik lidè lokal nou yo ap fè fas la, se poutèt sa Administrasyon mwen an te travay kole ak minisipalite yo atravè eta a pou ogmante sipò finansye nan men Eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou vle tout minisipalite nan Nouyòk yo reyisi, epi finansman sa a enpòtan anpil pou mete tout vil, komin ak vilaj nou yo sou yon baz finansyè ki pi solid epi pou pèmèt yo kenbe rezidan yo an sekirite epi kontinye bay sèvis vital yo depann sou yo."

Asistans Minisipal Tanporè

Bidjè Egzekitif Gouvènè a pou ane fiskal 2027 la pwolonje pou yon ane pwogram tanporè 50 milyon dola pou vil yo, komin yo ak vilaj yo. Pwogram sa a, ki te otorize

okòmansman nan ane fiskal 2025 pou dezan, bay èd pou objektif jeneral pou gouvènman lokal yo. Gouvènè a ap ajoute kounye a 100 milyon dola nan Asistans Minisipal Tanporè anplis nan pwopozisyon Bidjè Egzekitif li a, sa ki pral triple total la pou rive 150 milyon dola pou ane fiskal 2027 la. Finansman sa a baze sou pwogram Èd ak Ankourajman pou Minisipalite yo (AIM) ki bay èd eta pou vil yo, komin yo ak vilaj yo ki andeyò Vil Nouyòk.

Repatisyon rejyonal total Asistans Minisipal Tanporè pou vil yo, bouk yo ak vilaj yo ki enkli nan pwopozisyon Bidjè Egzekitif Gouvènè Hochul pou ane fiskal 2027 la gen ladan l:

- **Rejyon Kapital:** 17.2 milyon dola
- **Nouyòk Santral:** 20.4 milyon dola
- **Finger Lakes:** 18.1 milyon dola
- **Long Island:** 6.3 milyon dola
- **Mid-Hudson:** 31.2 milyon dola
- **Mohawk Valley:** 13.0 milyon dola
- **North Country:** 4.0 milyon dola
- **Southern Tier:** 8.2 milyon dola
- **Rejyon Lwès Nouyòk:** 31.7 milyon dola

Finansman total TMA ke yo mete ajou pou ane fiskal 2027 la gen ladan l:

- **Vil Buffalo:** 15 milyon dola
- **Vil Rochester:** 15 milyon dola
- **Vil Syracuse:** 15 milyon dola
- **Vil Yonkers:** 15 milyon dola
- **Vil Niagara Falls:** 6.2 milyon dola
- **Vil Utica:** 5.6 milyon dola
- **Vil Albany:** 4.4 milyon dola
- **Vil Albany:** 4.3 milyon dola
- **Vil Schenectady:** 3.9 milyon dola
- **Vil Binghamton:** 3.2 milyon dola
- **Vil Rome:** 3.2 milyon dola
- **Vil Mount Vernon:** 2.5 milyon dola
- **Vil New Rochelle:** 2.2 milyon dola
- **Vil Lackawanna:** 2.2 milyon dola
- **Vil White Plains:** 1.9 milyon dola
- **Vil Auburn:** 1.7 milyon dola
- **Vil Newburgh:** 1.6 milyon dola
- **Vil Watertown:** 1.6 milyon dola
- **Vil Jamestown:** 1.6 milyon dola
- **Vil Elmira:** 1.6 milyon dola

- **Vil North Tonawanda:** 1.5 milyon dola
- **Vil Poughkeepsie:** 1.5 milyon dola
- **Vil Long Beach:** 1.1 milyon dola

Ou ka jwenn rès total TMA ke yo mete ajou pou tout minisipalite Nouyòk yo isit la: <https://www.budget.ny.gov/pubs/archive/fy27/ex/local/aim/fy27tma-ex30.pdf>

30 milyon dola èd anplis pou Vil Buffalo

30 milyon dola pou Buffalo a se dapre yon plan kote finansman sa a pral pwomèt pou diminye defisi bidjetè vil la tout pandan y ap minimize nenpòt fado adisyonèl sou kontribyab yo epi mentni sekirite piblik la.

20 milyon dola pou minisipalite ki an difikilte finansye yo

Yon lòt 20 milyon dola finansman se pou vil, komin ak vilaj ki nan gwo difikilte finansye yo. Pou yo kalifye pou finansman sa a, minisipalite yo dwe chwazi pou yo resevwa yon revizyon konplè nan men Komisyon sou Restriktirasyon Finansye pou Gouvènman Lokal yo (Financial Restructuring Board for Local Governments).

Majistra Vil Buffalo a, Sean Ryan, te deklare, "Administrasyon m lan ap travay sou yon plan responsab, ki dire plizyè ane, pou ranje dezekilib estriktirèl Buffalo ap opere anba l pandan plizyè ane. Men anvan sa, nou dwe ranpli diferans ki genyen nan bidjè nou eritye a. Sipò Eta Nouyòk sa a pèmèt nou balanse liv ane sa a san nou pa bezwen prete plis lajan epi li diminye presyon sou kontribyab Buffalo yo nan ane k ap vini yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li te rekonèt bezwen ijans Buffalo a epi li te bay resous ki pral estabilize finans nou yo imedyatman pandan n ap antreprann travay alontèm pou mete Vil la sou yon baz solid."

Majistra Vil Yonkers, Mike Spano te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li te koute apèl kolektif Big 5 yo pou plis èd minisipal nan bidjè eta ane sa a. Envestisman enpòtan sa a se yon rekonesans pou patenarya ant Eta Nouyòk ak gouvènman lokal yo pou ranfòse sekirite piblik la, amelyore enfrastrikti, epi pwoteje sèvis esansyèl pou rezidan nou yo san mete plis chay sou do kontribyab yo. Nou rekonesan pou patenarya ak lidèchip li."

Majistra Vil Rochester Malik D. Evans te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul paske li te mete finansman adisyonèl sa a pou Rochester ak lòt vil yo nan pwopozisyon bidjè li a, epi mwen felisite li paske li te rekonèt nesosite pou ogmante investisman Eta nan minisipalite Nouyòk yo. Ansanm ak Gouvènè Hochul, n ap bati yon gwo momantòm epi transfòme peyizaj fizik nou an pou jenere nouvo revni, kreye djòb, epi ogmante popilasyon nou an. Lè l bay Rochester fon operasyonèl ki ka ede rezidan nou yo ki pi vilnerab, l ap ede asire nou tout ka kenbe momantòm sa a."

Majistra Vil Syracuse, Sharon Owens, te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip ak angajman li nan sipòte minisipalite yo atravè Eta Nouyòk. Ogmantasyon jeneral Gouvènè a ki se 100 milyon dola pou Asistans Minisipal Tanporè

a pral bay Syracuse ak lòt kominote ki depann sou patenarya a ak Eta Nouyòk la yon sipò esansyèl. Ajout 10 milyon dola sa a nan ansyen alokasyon 5 milyon dola nou te genyen an pral ede ranfòse sèvis vital Vil la ke rezidan yo depann sou yo epi pèmèt nou soutni pwogram esansyèl yo epi prezève kalite lavi rezidan nou yo merite a. Mwen vle rekonèt tou kòlèg majistra mwen yo atravè Eta Nouyòk ki pral benefisye investisman enpòtan sa a. Ansanm, nou pataje yon objektif komen pou konstwi vil ki pi solid ak pi rezistan pou moun n ap sèvi yo."

Majistra Vil Albany, Dorcey Applys, te deklare, "Mwen pwofondman rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou investisman kontinyèl li nan Albany epi paske li rekonèt wòl enpòtan minisipalite yo jwe atravè Eta Nouyòk. Investisman adisyonèl 4.4 milyon dola sa a vrèman enpòtan pou vil nou an. Ranfòsman Asistans Minisipal Tanporè a pèmèt Albany soutni sèvis esansyèl yo, sipòte sekirite piblik la, epi kontinye bay sèvis pou rezidan nou yo. Nou te klè sou enpòtans ogmantasyon asistans finansye pou avni vil nou an, epi Gouvènè a kenbe pawòl li. Gouvènè Hochul se yon patnè solid pandan l ap kontinye rekonèt enpòtans pou investi nan Kapital la. Patenarya li a fè yon gwo diferans pou kominote nou an."

Barbara Van Epps, ki se Direktè Egzekitif Konferans Majistra Nouyòk (New York Conference of Mayors, NYCOM), te deklare, "NYCOM remèsye Gouvènè Hochul paske li rekonèt ke fòs Nouyòk kòmanse nan vil yo, vilaj yo ak komin li yo, epi paske li konfime angajman li pou investi nan gouvènman lokal yo. Eta nou an djanm sèlman si kominote ki ba li fòs yo djanm tou, epi ogmantasyon finansman sa a montre jan li konprann yon patenarya solid ant eta ak lokalite yo esansyèl pou bay sèvis, enfrastrikti, ak kalite lavi Nouyòkè yo bezwen epi y ap tann nan. Èd adisyonèl sa a pral bay yon soulajman enpòtan non sèlman pou minisipalite yo atravè Nouyòk k ap lite ak presyon fiskal k ap ogmante, men tou pou kontribyab k ap fè efò pou balanse bidjè kay yo nan mitan pri lavi k ap monte a. Nou apresye anpil rekonesans Gouvènè a pou wòl vital gouvènman lokal yo jwe nan fè Nouyòk avanse, epi nou ankouraje Lejislati Eta a pou prezève investisman adisyonèl sa a nan bidjè eta a adopte a — paske lè vil ak vilaj nou yo ap devlope, tout Nouyòk devlope avèk yo."

Direktè Egzekitif Asosyasyon Komin nan Eta Nouyòk, Christopher Koetzle, te deklare, "Vil yo atravè Nouyòk remèsye Gouvènè Hochul epi felisite pwopozisyon li pou bay 100 milyon dola anplis nan èd eta san restriksyon atravè Pwogram Asistans Minisipal Tanporè a. Finansman sa a bay yon fleksibilite fiskal esansyèl, sa ki pèmèt vil yo soutni sèvis piblik esansyèl yo epi diminye depandans sou taks sou byen imobilye. Nan konferans NYAOT a madi a, Gouvènè a te konfime ke, antanke yon ansyen ofisyèl vil la, li pa bliye rasin gouvènman lokal li. Pwopozisyon sa a demontre yon angajman klè pou sipòte minisipalite yo ak yon asistans dirèk ak siyifikatif."

Majistra Vilaj Brightwaters ak Prezidan Asosyasyon Ofisyèl yo nan Vilaj la nan Konte Suffolk, John Valdini, te deklare, "Investisman adisyonèl sa a nan asistans minisipal tanporè a se yon etap enpòtan nan direksyon pou sipòte gouvènman lokal yo pandan n ap kontinye fè fas ak ogmantasyon depans yo. Nan non Asosyasyon Ofisyèl

Vilaj Konte Suffolk la, mwen remèsye Gouvènè a pou sipò siplemantè sa a, ki pral bay soulajman yo bezwen anpil pou minisipalite yo atravè rejyon nou an."

Majistra Vilaj Sea Cliff ak Prezidan Asosyasyon Ofisyèl Vilaj Konte Nassau a, Elena Villafane, te deklare, "Asosyasyon Ofisyèl Vilaj Konte Nassau a rekonesan anvè angajman Gouvènè Hochul pou ogmante sipò pou gouvènman lokal yo atravè Eta Nouyòk. 150 milyon dola asistans adisyonèl la, ki gen ladan ogmantasyon nan Asistans Minisipal Tanporè a, pral ede anpil vilaj isit la nan Konte Nassau. Vilaj atravè Konte a ap fè fas ak plis presyon fiskal pandan y ap chèche bay sèvis esansyèl malgre depans k ap ogmante san rete ak manda eta ak federal yo. Finansman sa a reprezante yon premye pa enpòtan nan ranfòse estabilite minisipal la ak sipòte kominote nou yo."

Majistra Vil New Rochelle, Yadira Ramos- Herbert, te deklare, "Nou pwofondman rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou investisman 2.2 milyon dola sa a nan Vil New Rochelle. Finansman sa a ranfòse fondasyon finansye nou pandan n ap avanse priyorite estratejik nou yo epi kontinye bay sèvis esansyèl bay rezidan nou yo. Patenarya Eta a ede asire ke nou ka kenbe estabilite jodi a pandan n ap bati yon avni ki pi rezistan ak pwospè pou jenerasyon k ap vini yo."

Majistra Vil North Tonawanda, Austin Tylec, te deklare, "Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li te rekonèt defi finansye gouvènman lokal yo ap fè fas ak yo epi li te ranfòse Asistans Minisipal Tanporè a. Patenarya kontinyèl li a bay yon sipò enpòtan pou North Tonawanda epi li ede nou kenbe estabilite pandan n ap planifye avèk konfyans pou lavni."

Majistra Vil Niagara Falls Ian Robert Restaino te deklare, "Nan non rezidan Vil Niagara Falls yo, nou vrèman rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li te pwolonje pwogram asistans tanporè a kote Vil la pral resevwa 6.2 milyon dola anplis finansman ki soti nan pwogram èd pou minisipalite yo. Ogmantasyon sipò eta sa a pral ede anpil nan efò nou yo pou amelyore sèvis pou kontribyab yo ak lòt inisyativ pou anbeli ak devlope katye yo nan vil la."

Majistra Vil Lackawanna, Annette Iafallo, te deklare, "Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul dèske li te bay Vil Lackawanna 2.2 milyon dola anplis nan finansman Asistans Minisipal Tanporè, ki pral bay vil nou an resous li vrèman bezwen pou kontinye bay sèvis yo avèk efikasite nan kominote nou an."

Majistra Vil Mount Vernon Ian, Shawyn Patterson Howard, te deklare, "Nou pwofondman rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul pou angajman kontinyèl li nan sipòte minisipalite yo atravè Eta Nouyòk. Investisman 2.5 milyon dola sa a nan Vil Mount Vernon rive nan yon moman kritik epi li pral ede soulaje presyon fiskal imedya yo pandan l ap pèmèt nou kontinye bay sèvis esansyèl bay rezidan nou yo. Gouvènè Hochul konprann ke vil solid yo se fondasyon yon eta solid, epi asistans adisyonèl sa a bay yon soulajman enpòtan ki pral ranfòse estabilite finansyèl nou an epi sipòte efò kontinyèl nou yo pou konstwi yon Mount Vernon ki pi rezistan."

Majistra Vil Schenectady Gary McCarthy te deklare, "Nou apresye anpil èd eta sa a pandan n ap sipòte antretyen ak operasyon chak jou nan Electric City. Sa ap ede nou fè fas ak depans yo epi kontinye amelyore kalite lavi nan pwojè ak pwogram yo. Nou rekonesan pou patenarya Gouvènè Hochul la ak investisman kontinyèl li nan Vil Schenectady ak rezidan li yo."

Majistra Vil Troy la, Carmella R. Mantello, te deklare, "Anons Gouvènè Kathy Hochul la konsènan yon finansman 4.3 milyon dola adisyonèl nan TMA a se yon investisman enpòtan nan lavni Troy. Resous sa yo pral ede nou akselere pwojè transfòmasyon pou revitalizasyon katye yo tankou One Monument Square, Frear Park, ak lòt amelyorasyon enpòtan atravè vil nou an. Finansman sa a ranfòse kapasite nou pou nou bay rezilta reyèl pou rezidan yo epi kontinye bati yon Troy ki pi an sekirite, ki pi pwòp, ki pi vibran. Nou sensèman apresye investisman kontinyèl Gouvènè Hochul nan Collar City a."

Majistra vil Jamestown, Kimberly Ecklund, te deklare, "Ogmantasyon nan liberasyon Asistans Minisipal Tanporè a bay sipò ki nesèsè anpil pou minisipalite tankou Jamestown, k ap fè fas ak yon ogmantasyon kontini nan depans yo nan tout domèn operasyonèl yo. Soti nan enflasyon ak obligasyon travay rive nan demand enfrastrikti ak sèvis, presyon finansye sou gouvènman lokal yo kontinye ap entansifye. Finansman adisyonèl sa a ede soutni sèvis esansyèl yo, respekte disiplin fiskal, epi diminye presyon sou kontribyab yo tout pandan y ap kenbe kominote nou an stab ak an sekirite."

Majistra Vil Rome lan, Jeffery Lanigan, te deklare, "Nou rekonesan anpil anvè Gouvènè Hochul pou investisman 3.2 milyon dola sa a nan Vil Rome. Finansman sa a ranfòse fondasyon finansye nou an pou ede kreye yon avni ki pi rezistan ak pwospè pou jenerasyon k ap vini yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)